Tadqiqot.uz

# YANGI O'ZBEKISTON: INNOVATSIYA, FAN VA TA'LIM

CONFERENCES.UZ

2023

DAVRIYLIGI: 2018-2023

DUNYO TARIXIDA KOSMOSGA UCHGAN BIRINCHI INSON

ANJUMAN | КОНФЕРЕНЦИЯ | CONFERENCES | RESPUBLIKA KO'P TARMOQLI ILMIY KONFERENSIYA

O'ZBEKISTON RESPUBLIKASI VA XORIJIY OLIY TA'LIM MUASSASALARI PROFESSOR-O'QITUVCHILARI, YOSH OLIMLAR, DOKTORANTLAR, MAGISTRANTLAR VA IQTIDORLI TALABALAR




TOSHKENT SHAHAR, AMIR TEMUR KO'CHASI, PR.1, 2-UY.

+998 97 420 88 81
+998 94 404 00 00

WWW.TAQIQOT.UZ
WWW.CONFERENCES.UZ

OKTYABR
№57

# ЯНГИ ЎЗБЕКИСТОН: ИННОВАЦИЯ, ФАН ВА ТАЪЛИМ 8-ҚИСМ

# НОВЫЙ УЗБЕКИСТАН: ИННОВАЦИИ, НАУКА И ОБРАЗОВАНИЕ ЧАСТЬ-8

# NEW UZBEKISTAN: INNOVATION, SCIENCE AND EDUCATION PART-8

ТОШКЕНТ-2023

**УУК 001 (062)**
**КБК 72я43**

**“Янги Ўзбекистон: Инновация, фан ва таълим” [Тошкент; 2023]**

**“Янги Ўзбекистон: Инновация, фан ва таълим”** мавзусидаги республика 57-кўп тармоқли илмий масофавий онлайн конференция материаллари тўплами, 31 октябрь 2023 йил. - Тошкент: «Tadqiqot», 2023. - 9 б.

Ушбу Республика-илмий онлайн даврий анжуманлар «Ҳаракатлар стратегиясидан – Тараққиёт стратегияси сари» тамойилига асосан ишлаб чиқилган еттита устувор йўналишдан иборат 2022 – 2026 йилларга мўлжалланган Янги Ўзбекистоннинг тараққиёт стратегияси мувофиқ:– илмий изланиш ютуқларини амалиётга жорий этиш йўли билан фан соҳаларини ривожлантиришга бағишланган.

Ушбу Республика илмий анжуманлари таълим соҳасида меҳнат қилиб келаётган профессор - ўқитувчи ва талаба-ўқувчилар томонидан тайёрланган илмий тезислар киритилган бўлиб, унда таълим тизимида илғор замонавий ютуқлар, натижалар, муаммолар, ечимини кутаётган вазифалар ва илм-фан тараққиётининг истиқболдаги режалари таҳтил қилинган конференцияси.

**Масъул муҳаррир:** Файзиев Шохруд Фармонович, ю.ф.д., доцент.

**1.Ҳуқуқий тадқиқотлар йўналиши**
Профессор в.б.,ю.ф.н. Юсувалиева Рахима (Жахон иқтисодиёти ва дипломатия университети)

**2.Фалсафа ва ҳаёт соҳасидаги қарашлар**
Доцент Норматова Дилдора Эсоналиевна(Фарғона давлат университети)

**3.Тарих саҳифаларидаги изланишлар**
Исмаилов Ҳусанбой Маҳаммадқосим ўғли (Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси ҳузуридаги Таълим сифатини назорат қилиш давлат инспекцияси)

**4.Социология ва политологиянинг жамиятимизда тутган ўрни**
Доцент Уринбоев Хошимжон Бунатович (Наманган мухандислик-қурилиш институти)

**5.Давлат бошқаруви**
Доцент Шакирова Шохида Юсуповна «Тараққиёт стратегияси» маркази муҳаррири

**6.Журналистика**
Тошбоева Барнохон Одилжоновна(Андижон давлат университети)

**7.Филология фанларини ривожлантириш йўлидаги тадқиқотлар**
Самигова Умида Хамидуллаевна (Тошкент вилоят халқ таълими ходимларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш ҳудудий маркази)

**8.Адабиёт**
PhD Абдумажидова Дилдора Рахматуллаевна (Тошкент Молия институти)

**9.Иқтисодиётда инновацияларнинг тутган ўрни**
Phd Вохидова Мехри Хасанова (Тошкент давлат шарқшунослик институти)

**10.Педагогика ва психология соҳаларидаги инновациялар**
Турсунназарова Эльвира Тахировна Низомий номидаги Тошкент давлат педагогика университети Хорижий тиллар факультети ўқув ишлари бўйича декан ўринбосари

**11.Жисмоний тарбия ва спорт**
Усмонова Дилфузахон Иброхимовна (Жисмоний тарбия ва спорт университети)

**12.Маданият ва санъат соҳаларини ривожлантириш**
Тоштемиров Отабек Абидович (Фарғона политехника институти)

**13.Архитектура ва дизайн йўналиши ривожланиши**
Бобохонов Олтибой Рахмонович (Сурхандарё вилояти техника филиали)

**14.Тасвирий санъат ва дизайн**
Доцент Чариев Турсун Хуваевич (Ўзбекистон давлат консерваторияси)

**15.Мусиқа ва ҳаёт**
Доцент Чариев Турсун Хуваевич (Ўзбекистон давлат консерваторияси)

**16.Техника ва технология соҳасидаги инновациялар**
Доцент Нормирзаев Абдуқаюм Раҳимбердиевич (Наманган мухандислик-қурилиш институти)

**17.Физика-математика фанлари ютуқлари**
Доцент Сохадалиев Абдурашид Мамадалиевич (Наманган мухандислик-технология институти)

**18.Биомедицина ва амалиёт соҳасидаги илмий изланишлар**
Т.ф.д., доцент Маматова Нодира Мухтаровна (Тошкент давлат стоматология институти)

**19.Фармацевтика**
Жалилов Фазлиддин Содиқович, DSc, Тошкент фармацевтика институти, Фармацевтик ишлаб чиқаришни ташкил қилиш ва сифат менежменти кафедраси профессори

**20.Ветеринария**
Жалилов Фазлиддин Содиқович, DSc, Тошкент фармацевтика институти, Фармацевтик ишлаб чиқаришни ташкил қилиш ва сифат менежменти кафедраси профессори

**21.Кимё фанлари ютуқлари**
Рахмонова Доно Қаххоровна (Навоий вилояти табиий фанлар методисти)

**22.Биология ва экология соҳасидаги инновациялар**
Йўлдошев Лазиз Толибович (Бухоро давлат университети)

**23.Агропроцессинг ривожланиш йўналишлари**
Проф. Хамидов Мухаммадхон Ҳамидович «ТИИМСХ»

**24.Геология-минерология соҳасидаги инновациялар**
Phd доцент Қаҳҳоров Ўктам Абдурахимович (Тошкент ирригация ва қишлоқ хўжалигини механизациялаш мухандислари институти)

**25.География**
Йўлдошев Лазиз Толибович (Бухоро давлат университети)

---

***Тўпламга киритилган тезислардаги маълумотларнинг хаққонийлиги ва иқтибосларнинг тўғрилигига муаллифлар масъулдир.***

**© Муаллифлар жамоаси**
**© Tadqiqot.uz**

**PageMaker\Верстка\Саҳифаловчи:** Шахрам Файзиев

**Контакт редакций научных журналов.** tadqiqot.uz
ООО Tadqiqot, город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC The city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000

## АДАБИЁТ

**1. Утамбетова А.Ж.**
Қ.КАМАЛОВ - КӨРНЕКЛИ ЖАЗЫЎШЫ ҲӘМ СЫНШЫ ИЛИМПАЗ ............................. 7

## АДАБИЁТ

# Қ.КАМАЛОВ - КӨРНЕКЛИ ЖАЗЫЎШЫ ҲӘМ СЫНШЫ ИЛИМПАЗ

**Утамбетова А.Ж.**
Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы
Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар
илимлер илим-изертлеў институты Қарақалпақ
әдебияты бөлиминиң үлкен илимий хызметкери

**Аннотация:** Мақала 30 жылдан берли өз мийнетин қарақалпақ әдебиятын тереңнен үйрениў ҳәм үйретиўге, усы тараўда қәнийгелерди таярлаўға өз өмирин бағышлаған сыншы, илимпаз, профессор Қоңысбай Камаловқа арналған.
**Гилт сөзлер:** Әдебият, сын, теория, устаз, илимпаз, тарийх, илимий-изертлеў, оқытыўшы, мийнет.

Қ.Камалов өз өмир жолын қарақалпақ әдебиятын тереңнен үйренип ҳәм оны келешек әўладқа үйретиўге соның менен бирге усы тараўдағы қәнийгелерди таярлаўға бағышлады десек асыра айтқан болмаймыз. Илимпаздың бул тараўға болған қызығыўшылығы 1960-1965 жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх-филология факультетинде оқып жүргенде басланған. Әдебиятқа деген ықласы оны өз қатары менен бирге оқыған талабалары арасында ажыратып турар еди. Болажақ илимпаз оқыўын айрықша баҳалар менен тамамлап усы оқыў дәргайының қарақалпақ әдебияты кафедрасына оқытыўшы етип қалдырылады, себеби оны оқытқан устазларының шәкиртине болған исеними жоқары болды.

Әдебият илиминиң сырларын тереңнен үйрениўге болған таланты тынышлық бермей оның 1968 жылы М.В.Ломоносов атындағы Москва мәмлекетлик университетиниң миллий әдебиятлар кафедрасының аспирантурасына оқыўға түсиўине себепши болды. Оқыўын табыслы тамамлаған илимпаз 1971 жылы ноябрь айынан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ әдебияты кафедрасында жумыс ислейди. Ол талабаларға сабақ бериў менен бирге өзиниң илимий изленислерин де қоса алып барады. Бир нешше жыл «Әмиўдәрья» журналында жуўаплы хаткер, бас редактордың орынбасары лаўазымында жумыс ислейди. 1980-1990 жыллар аралығында Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ әдебияты кафедрасының доценти, 1990 жылдан баслап Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қайта ашылыўы менен қарақалпақ әдебияты кафедрасының баслығы, 1991-1998-жыллар аралығы «Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты» факультетиниң деканы, 1998-жылдың декабрь айынан баслап қарақалпақ әдебияты кафедрасын басқарып келген.

Сыншы илимпаз усындай мийнет жолы даўамында жасларға илим сырларын сабырлылық, шыдамлылық, меҳир-муҳаббат пенен үйретип ҳәм мийнетине жараса халық арасына үлкен абыройға, жетискенликлерге еристи. Устаз, оқытыўшы, илимпаз Қ.Камалов отыз жылдан аслам мийнети даўамында пүткил республикаға танылды. Ол Қарақалпақстан жаслар аўқамының, Өзбекстан жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары министирлигиниң, Өзбекстан жаслар аўқамының және профсоюзлар комитетиниң, Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды. Оған «Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәденият хызметкери», «Өзбекстанға мийнети сиңген халық билимлендириў хызметкери» атақлары берилген.

Көрнекли жазыўшының мектепте оқып жүргенде-ақ мақалалары менен очерклери районлық ҳәм республикалық газета ҳәм журналларда жәрияланған. Оның көп санлы гүрриңлери, очерклери, «Маржангүл» атлы повести талабалық дәўирде жазылған.

Илимпаз әсиресе әдебияттың теориялық мәселелери менен тереңнен шуғылланды. Оның

«Қарақалпақ әдебиятында повесть жанрының эволюциясы» деген темадағы кандидатлық, «Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы» деген темадағы докторлық диссертациясы сөзимиздиң дәлийли. 1988-жылы докторлық жумысының атамасында «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен монографиясы жарық көрди. Илимпаз бул илимий мийнетин көп жыллардан берли қарақалпақ әдебияттаныў илиминде изертленбей киятырған, бирақ тартыслы машқалаға арналған. Бунда автор қарақалпақ әдебиятының әййемги сағаларынан баслап қарақалпақ әдебиятында реализм методының пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи, XX әсирдеги қарақалпақ әдебиятындағы реализмниң өзгешелиги ҳәм эволюциясы ҳаққында, методтың бирлиги ҳәм стильдиң көп түрлилиги ҳаққында кең түрде анализ жасайды. [1:168]

1976-жылдан Қ.Камалов жазыўшылар аўқамының ағзасы, жазыўшылар аўқамы қасындағы әдебий көркем критика бойынша Кеңестиң ағзасы болды. Сыншы илимпаз Москва, Казан, Рига, Ташкент, Фрунзе, Баку, Тбилиси қалаларында өткерилген XX әсир әдебияты мәселелерине арналған критикалық әнжуманларда,V ҳәм VI пүткил дүнья жүзлик Тюркологиялық конференцияларда баянатлар ислейди. Оның илимий мақалалары «Большая Советская энциклопедия», «Литературная энциклопедия» китапларында, «Вопросы литературы» журналында баспадан жарық көреди. Илимпаз жоқары оқыў орнының оқытыўшысы сыпатында филолог – студентлер ушын «Қарақалпақ повести» (жанрдың эволюциясы), «Қарақалпақ әдебиятының көркем методы», «Улыўма билим беретуғын орта мектеп программалары», «Қарақалпақ әдебияты», «Өзбек, орыс, қазақ, түркмен мектеплеринде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың концепциясы» оқыў сабақлығы, қолланбалары, әдебияттаныў тийкарлары бойынша дүзген бағдарламалары, жоқары оқыў орынларына тапсырыўшылар ушын дүзилген қадағалаў жумыслары ҳәм көрсетпелери, әдебияттың айырым мәселелерин оқытыўға бағышланған мақалалары жарық көрди.

Қ.Камаловтың илимий басшылығында бир-неше аспирантлар қарақалпақ әдебиятының әҳмийетли мәселелерине арналған илимий темалар алып кандидатлық диссертация жумысларын иследи. Ол өз билимин, нәсиятын ўақыт пенен санаспастан өз шәкиртлери менен аянбастан бөлисти.

60-70-жыллар әдебияттаныў илиминде жанкүйерлик пенен жумыс алып барған, келешек әўлад ушын бир кәсиптиң басын услап ҳәм оны толық меңгерип, қарақалпақ әдебиятында өзиниң орнын қалдырған көрнекли жазыўшы ҳәм сыншы илимпаз устазымызды еслеў, яд етиў, тилге алыў парыз ҳәм қарыз деп билемиз.

**Пайдаланған әдебиятлар:**

1. Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, М.Бекбергенова XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2011.
2. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 2-декабрь 1998-жыл, №155(16671).

# ЯНГИ ЎЗБЕКИСТОН: ИННОВАЦИЯ, ФАН ВА ТАЪЛИМ 8-ҚИСМ

**Масъул муҳаррир:** Файзиев Шохруд Фармонович
**Мусаҳҳиҳ:** Файзиев Фаррух Фармонович
**Саҳифаловчи:** Шахрам Файзиев

Эълон қилиш муддати: 31.10.2023

**Контакт редакций научных журналов.** tadqiqot.uz
ООО Tadqiqot, город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC The city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000